



# VYOLANS

## Vyolans kont lesbyèn, ge, biseksyèl oubyen transjan

Nan tout rejyon sou latè gen vyolans omofòb e transfòb. Li kapab prezante sou fòm agrezyon ak abi vèbal ki repete souvan oubyen agrezyon fizik, maspinay, kidnaping, اساسina ki vize yon kalite moun. Yo siyale tou anpil ka vyolans seksyèl, tankou kadèjak ki ta fèt kòmki dire pou yo "korije" oubyen "pini" moun lan. Nan ka sa yo gason yo fè kadèjak sou fanm ki sipoze lesbyèn sou pretèks y ap eseye "geri" yo pou yo pa omoseksyèl ankò.

Vyolans lan parèt plizyè kote: nan lari, nan plas piblik, nan lekòl, nan travay, nan kay prive, nan prizon, nan kacho. Vyolans lan ka fèt san preparasyon, li ka òganize. Pafwa se moun ki pwoch viktim lan oubyen gwoup ekstremis ki fè li. Tout krim sa yo gen anpil sovajri ladan yo. Yo montre anpil rayizman kont moun LGBT yo. Pa egzanp, se pa sèlman touye yo touye moun yo, yo konn boule yo tou, yo koupe pati jenital yo, yo fè

agresyon seksyèl sou yo. Moun ki transjan yo, sitou sa ki se pwostitye ou byen sa ki nan prizon, yo gen gwo risk pou yo sibi de vyolans brital ki ka fè yo pèdi lavi yo.

Gen anpil dokimantasyon sou zak brital ak move tretman kont moun ki lesbyèn, ge, biseksyèl, transjan ak entèseksyèl yo. Nan prizon yo se sitou matirize yo matirize yo; moun ki fè zak sa yo se lapolis, gadyen prizon ou moun ki nan prizon menm jan avèk yo. Lè konsa ajan Leta yo fè kòm si yo pa wè. Gen yon seri tretman medikal nou ka konsidere tankou gwo mekanste tou. Pa egzanp, egzamen yo fè nan twou dèyè omoseksyèl yo pou yo "verifeye" si yo omoseksyèl, oubyen esterilizasyon fòse yo pratike sou transjan yo tankou yon terapi avèk elektrochok pou yo "chanje" oryantasyon seksyèl yo.

### Vyolans seksis

Anpil fwa lè yo fè agrezyon kont moun akòz oryantasyon seksyèl yo oubyen pou tèt idantite jan yo chwazi se pase yo vle pini yo pase yo konpòte yo yon fason ki ale kont sa sosyete a konsidere kòm nòmal sou kesyon jan a. Yo rele sa vyolans seksis. Moun lan pa bezwen lesbyèn, ge, biseksyèl, transjan pou yo agrese l. Si yo konsidere l tankou yon omoseksyèl ou yon transjan, sa sifi pou li an danje.

### Chif ak estatistik

Chif ofisyèl sou vyolans omofòb e transfòb pa konplè, e pa gen anpil estatistik ofisyèl. Pa gen anpil peyi ki gen bon jan system pou kontwole, anrejistre e siyale krim rayizman omofòb e transfòb. Menm nan peyi ki gen sistèm sa yo viktim yo pa fè lapolis konfyans nan pwèn pou yo ta prezante tèt yo, e ofisyè lapolis yo bò pa yo gen dwa manke fòmasyon pou yo rekonèt kalite krim sa yo pou yo ta note yo. Malgre tou sa, lè nou met ansam eleman estatistik

nasyonal ki disponib yo, ak enfòmasyon ki sòti nan lòt sous, nou wè klèman gen yon vyolans jeneral e brital, e moun ki fè zak vyolan sa yo pa pini.





## Responsabilite Leta

Leta yo gen devwa, selon Dwa entènasyonal la, pou yo pwoteje dwa pou lavi, dwa pou sekirite moun. Leta gen devwa veye pou pèsonn pa matirize moun pase yo se LGBT oubyen fè yo sibi move tretman. Leta yo gen responsabilite tou pou yo pran mezi pou anpeche اساسina ki baze sou rayizman, agresyon vyolan ak maspinay, pou yo fè bon jan ankèt sou tout krim sa yo e pou yo mennen responsab yo devan lajistis.

## KI MEZI KI POU TA PRAN

Leta yo :

- 1** Ankete sou اساسina yo, mennen otè yo devan lajistis e pini yo.
- 2** Elabore e aplike lwa pou anpeche krim ki baze sou oryantasyon seksyèl e idantite jan yon moun chwazi.
- 3** Etabli pwosedi pou anrejistre, siyale zak vyolan ki chita sou rayisman.
- 4** Sansibilize jan sa dwa pèsònèl sèvis Leta yo: sèvis lòd, pèsònèl prizon yo, jij ak pèsònèl lòt sèvis nan domèn sekirite.
- 5** Oganize kanpay nasyonal edikasyon ak enfòmasyon pou lite kont atitud omofòb e transfòb e ankouraje divèsite e respè youn pou lòt.

## Ou menm, zanmi w, e lòt moun nou ka chanje bagay yo

- 1** Veye pou ou menm ak moun ki bò kote w devlope yon tolerans zewo kont tout fòm vyolans omofòb ou transfòb, menm si se sou fòm jouman ak menas vèbal li manifeste tèt li.
- 2** Entèveni e siyale tout fòm vyolans sa yo, menm si se pa ou menm ki konsènen direktteman.
- 3** Oka ou zanmi w, manm fanmi w oubyen ou menm, ta viktim yon zak vyolans ki baze sou rayisman, pran kòm referans pwosedi espesyal dwa moun Nazyonzini yo e voye yon imel nan adrès sila a : [urgent-action@ohchr.org](mailto:urgent-action@ohchr.org).





## Egzanp zak vyolan yo te rapòte bay Komisarya Nasyonzini Alatèt dwa moun yo:



**Seth Walsh** te gen 13an lè li pann tèt li. Li te fèk ale nan jaden lakay fanmi l, nan Teachapi nan Kalifòni. Anvan li pran desizyon pou li touye tèt li, li te sibi anpil mizè anba pwovokasyon ak jouman omofòb kanmarad li yo nan lekòl li e nan vwazinaj la. Ka Seth Walsh se pa sèl ka konsa: mwa li mouri a, omwen 5 lòt jenn touye tèt yo nan peyi Etazini pase yo te sibi tizonnay omofòb.



**Daniel Zamudio** se te yon omoseksyèl ki te gen 24an lè li mouri akòz gwo blese li te resevwa. Se yon gwoup swadizan neyonazi ki te agrese l nan yon pak nan Santiago. Selon sa yo di ki pase, yo te matirize l pandan plizyè zè, yo te boule l ak pòy sigarèt e yo te grave kwa game sou kò l. Yo arete 4 sispè yo di se yo ki responsab lanmò Daniel. Ladan yo, genyen ki te deja gen pwoblèm ak lajistis pase yo te agrese omoseksyèl. Kòmisè Gouvènman an deklare li sèten agresyon sa yo baze sou rayizman kont omoseksyèl yo. Apre krim sa a, yo pran nouvo lwa kont krim baze sou rayizman kont omoseksyèl yo. Kesyon sa a souleve yon pakèt pawòl anpil nan opinyon piblik la e li pwovoke yon deba nasyonal sou rayizman kont omoseksyèl yo.



**Sunita** (se pa vrè non l) se yon transeksyèl (metis). Lapolis Katmandou arete l, yo mennen l nan estasyon lapolis la, men lè li rive li resevwa anpil jouman, e yo mande l pou li dezabiye l. Kòm li refize fè l, ajan lapolis yo rache rad li e gen lè manyen pati jenital li pandan y ap pase l nan betiz. Yo gen lè menase l pou yo kale tèt li pou yo pini l pase li met rad fanm. Yo libere l demen maten. Yo siyale lòt zak konsa kote lapolis fè tizonnay kont metis, kote yo ba yo kou ak anpil jouman.





LIBRES & ÉGAUX  
NATIONS UNIES



Nan Nayiwobi (Kenya) yon militan pou dwa lesbyèn, **Pouline Kimani**, te patisipe nan yon pwogram televizyon sou kesyon omoseksyalite. Nan semèn apre yo, yo joure l plizyè fwa nan lari ak lòt espas piblik. Gen yon gwoup gason ki menm kouri dèyè l, menase l y ap fè kadèjak sou li. Li ta menm resevwa menas yo te plase nan yon anvlop devan lakay li.



Yon militan pou respè dwa LGBT yo nan peyi AfrikidSid, **Noxolo Nogwaza**, te gen 24 an lè yo fè kadèjak sou li e yo defigire l nan vil KwaTema, bòkote Joanèsbou. Yo ba l kout woch nan tèt ak nan figi jis li defigire; anplis yo tyake kò l ak moso vè. Sa rive apre agresè yo te eseye fè patnè li a yon seri vye pwopozisyon; se lè sa a yo atake l. Moun ki pa rete lwen kote yo te fè agresyon sa a, deklare yo tande gason yo ap rele "Nou pral wete tout tandans lesbyenn yo" nan moman agresyon an tap fèt. Plis pase 2000 moun te prezan nan antèman Noxolo, anpil ladan yo denonse vyolans sa a e mande pour zafè fè kadejak sou moun swadizan pou "pini" oubyen "korije" lesbyèn yo sispenn.



Nan peyi Ondiras, nan Komyage-la, gen yon transeksyèl 23 zan yo rele **Lorena Alexis Alvarado Hernández**. Yo jwenn kò li nan yon rigòl, yo te bat li e yo te boule l. Te gen wòch plen san bokote kò a, sa ki montre se kout woch ki te kite mak sou kò li; anplis yo boule kò a apre. Te gen kapòt tou, sa ki endike yo te siman fè kadejak sou li. Anpil mak blese sou figi l te fe li te difisil pou idantifye kadav li.

## Reyaksyon vyolan kont pwogrè ki fèt pou tout moun egalego

Nan anpil peyi, otorite yo remake yon kokenn ogmantasyon vyolans omofòb e transfòb. Vyolans sa yo ogmante apre peyi sa yo anrejistre yon pakèt pwogrè nan lwa ki vle pwoteje dwa LGBT yo. Fenomèn sa a rive deja nan listwa: se tankou jefò ki reyalize nan lefase pou elimine segregasyon ak diskriminasyon baze sou ras, pwovoke yon seri reyaksyon menm jan an

kont minorite rasyal yo. Se gouvènman yo ki pou fè travay sila a : non sèlman atake diskriminasyon men eksplike popilasyon an an jeneral poukisa yo dwe pran mezi sa yo, veye pou yo reyaji rapidman jan sa dwa lè vyolans sa yo eklate.



UNITED NATIONS  
HUMAN RIGHTS  
OFFICE OF THE HIGH COMMISSIONER